

**ÆЛХИЙ СÆРИЗУНД КУ НÆ РАЙХАЛА, УÆД ÆНГУЛДЗИТÆ БА ÆДУХÆ УОДЗÆНÆНЦÆ...**

***Александр ГОРЧАКОВ 1856-1882-аг æнзти Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути министр: «Нæ бæсти æма Европи нуриккон уавæрти Уæрæсе гъæуама æ них исараза æ медæгон райрæзтбæл архайунмæ, адæми уавæртæ фæххуæздæр кæнунмæ, æма е 'ндагон политикæ дæр гъæуама æнæгъæнæйдæр коса еци ахсгиаг гъуддаги сæрбæлтау...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№36 (1052) 2026 анзи 19 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ ФЕДЕРАЛОН ÆМБУРДИ ПАДДЗАХАДОН ДУМÆМÆ ÆВЗУРСТИТÆ – ЦÆУНЦÆ 2026 АНЗИ 18-20 СЕНТЯБРИ**

# ИСМИНÆВАР СÆ КÆНДЗИНАН... ÆМА, БÆРГÆ, НÆ БÆЛДИТИ АККАГ КУ РАЗИННИУОНЦÆ...




Аци хузæгонд арæзт æй социалон хизæгтæй ист къартæй.

*Æма цæмæй нæ еци бæлдитæй ма фæффудевгед уæн, уомæн ахедгæ равгитæ дæр ес. Абони сæ сæйрагдæр – æвзурститæй нæхе ма еуварс кæнæн, еугурæй дæр бацæуæн æвзарæн участоктæмæ æма, Паддзахадон Думи нин нæ аккаг минæвæрттæ æма нæ сæрбæлдзоргутæ уодзæнæнцæ, зæгъгæ, нæ зæрдæ кæбæл дарæн, уонæбæл исгъæлæс кæнæн. Ма базийнадæ кæнетæ!..*

**АКТУАЛЬНО!..**



## «ЭТО НАШ ОБЩИЙ ВКЛАД В ПОБЕДУ РОССИИ!..»

Нынешние выборы депутатов Государственной Думы имеют особый характер, о чем Президент нашей страны **Владимир Путин** сказал в своем обращении к гражданам России накануне начала трехдневного голосования: «Считаю важным обратиться к вам сейчас, когда в нашей большой стране проходит значимая, во многом определяющая избирательная кампания...»

Отметив, что столь масштабная кампания, как выборы депутатов Госдумы, проводится в условиях специальной военной операции, Президент страны подчеркнул: «Мы знаем, за что сражается Россия и в чем долг каждого ее гражданина. Победу куют наши герои на поле боя. Ее приближают все, кто честно трудится для Родины, понимает свою ответственность за ее будущее. И участие в предстоящем голосовании, которое пройдет в Год единства народов России, – это тоже ответственность, вклад в укрепление страны.

Ваш выбор и воля вновь покажут, что за нашими бойцами – миллионы людей, что мы – сплоченный народ, объединенный общими ценностями, исторической памятью, любовью к Родине, что никому не удастся расколоть и запугать нас, подорвать нашу государственность и общественно-политическую систему...»

В заключение своего обращения Владимир Путин призвал граждан всей страны: «Прошу вас обязательно реализовать свое конституционное право, принять обдуманное, ответственное решение, чтобы результаты выборов подтвердили зрелость и стойкость российского общества. Это станет нашим общим ответом тем, кто хочет ослабить Россию, сдержать ее развитие, лишить нас суверенитета и права самостоятельно определять свою судьбу.

Участие в выборах – это наш общий вклад в победу России!..»


**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2027 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**Газет «Дигорæ» 2026 анзи ка рафинста, уони бæрцæ æдеугурæй иссæй фондзсæдæ адæймагемæй минкъий фулдæр. Нур нæ зæрдæ дарæн уобæл, æма нæуæг анзи нæ кæсгути нимæдзæ зингæ ке фæффулдæр уодзæнæй...**

*Петр ФИЦЦАГ (1672-1725), Уæрæсей паддзах: «Ести гъуддаг исаразун дæ æцæгæй ку фæндæуа, уæд уомæн иссердзæнæ мин мадзали. Ку нæ дæ фæндæуа, уæдта иссердзæнæ мин рæугуни...» Аци зундгин загъдæн æ фиццаг хаймæ гæсгæ æ бæрни гъуддæгутæ ка æнхæст кæнуй, ентæсгæ дæр уонæн кæнуй, уæдта адæм дæр уонæй фæуунцæ боз.*

**АДÆМИ РАЗИ ЕСТИ ИСАРАЗУНÆЙ ИХÆСГИН УОГÆЙ, ТИЛЛЕФТÆ КÆНУН КЪУЛУМПИГÆНÆГ ÆЙ!..**



**ТУСКЪАТИ Таймораз,**
**Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар:**

*– Социалон-экономикон райрæзти еунæг рæстмæ æйийвддзийнадæ дæр уотид хевæндонæй нæ фæззиннуй. Алцæй рахуæцæн дæр æй хецаудзийнади къабæзти æма адæми кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма æнгон æмгустадæ. Уомæ гæсгæ ба ахсгиаг æй бунæттон цæргути хæццæ ахиддæр æмбæлун, сæ хæццæ æргомæй дзубанди кæнун, сæ сагъæстæ син бæлвурдæй зонун. Адæм ци æма куд гъуди кæнунцæ, е æй республики размæцуди сæйраг рахуæцæн.*

# ЕУГÆР ГЪУДДАГИ БАЦУДТÆ, УÆД СИ ЛÆГАУ АРХАЙУНГЪОН УО...

Нæ республики Парламенти Совети кезуй æмбурд бабæй æрæги арæзт æрцудæй Дигори районы. Разамунд ин лæвардта Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**. Æма æ радзубандий райдайæн адтæй Цæгат Иристони социалон-экономикон нуриккон уавæри фæдбæл. Æ загъдмæ гæсгæ, зæрдæмæдзæугæ æйийвддзийнæдтæ бæрæг æнцæ промышленности, гъæууон хæдзаради, нæ цардарæзти иннæ къабæзти, дæс æма цуппаринсæй процентемæй фæффулдæр æй аллихузон продукций рауагъди гурахст, къулумпитæ нæййес инвестицион архайдæн дæр.

Парламенти Совети аци æмбурди дзубанди цудæй Дигори районы нури социалон-экономикон уавæрбæл, национ проекттæ си куд æнхæстгонд цæунцæ, уæдта аци анзи нисангонд райарæзтуйнаг гъуддæгутæбæл. Уой фæдбæл адтæй æ радзубанди районы сæргълæууæг **Цагъати Сосланæн**.

Зундгонд куд æй, уотемæй Парламенти Советæн е 'мбурдтæй кæцидæртæ фарæ дæр арæзт æрцудæнцæ аци районы, æма уæди уавæртæмæ гæсгæ нисангонд æрцудæнцæ æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддæгутæ. Æма етæ дæр, уæдта æнæуой комкоммæ фарстатæ куд æнхæстгонд æрцудæнцæ, уобæл дзоргæй, Цагъай-фурт æ радзубандий æрхаста бæлвурд дæнцитæ. Куд загъта, уотемæй районы бюджет евгъуд анзи хузæнон архайди фæрци барæуадзгонд ке рауадæй, уомæ гæсгæ æнхæстгонд æрцудæнцæ адæми размæ еугур социалон ихæстæ дæр. Хе æфтуйæгтæ сæмæ евгъуд анз рауадæнцæ 224 миллионемæй фулдæр, кенæ ба 103 проценти. Уой размæ анзи хæццæ рабаргæй, хъалонти æма æнæхъалонти æфтуйæгтæ фæффулдæр æнцæ 50 миллиони æма 718 мин сомей бæрцæ. Евгъуд анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, мизд федунæй, уæдта коммуналон лæггæдтæн феддонтæй æма аллихузон программитæ æнхæст кæнунæн хæрзтæй дæр район ихæстæ нæ даруй.

Районы сæргълæууæг ма лæмбунæг æрдзурдæй, кодта, ци национ проекттæ æма паддзахадон программитæ æнхæсткæнуйнаг æнцæ, уонæбæл кусти, уæдта социалон-экономикон алли къабæзти уавæр куд æй, евгъуд анз циуавæр бæрæггæнæнти хæццæ рахецæн кодтонцæ, уобæл.

Аци анзи нисантæбæл дзоргæй, Цагъати Сослан куд загъта, уотемæй сæмæ ес, æнæ республики агъазæй исæнхæстгæнæн кæмæн нæййес, уæхæн фарстатæ дæр. Зæгъæн, сахар Дигорæй æнцæ кæдзосгæнæнтæ, Хъарман-Синдзигъæуи нæуæгæй аразуйнаг æнцæ, 2016 анзи донивулдтити фудæй ка фехалдæй, Уорсдони еци ауæзæнтæ, Мостиздæхи аразун гъæуй Культури хæдзарæ æма æндæртæ.

Районы социалон-экономикон уавæри тухххæй, уæдта æ фæххуæздæр кæнунæн сæмæ ци гæнæнтæ ес, уой фæдбæл адтæй æ дзубанди Парламенти промышленности, транспорти, бастдзийнадæ æма амалгъæдон комитети сæрдар **Кисити Муратæн**. Е дæр исарази æй, Дигорай кæдзосгæнæнтæ æййевун ке гъæуй, уобæл, уæдта ма уой дæр баханхæ кодта, æма уони æгудзæгдзийнадæ экологон тасдзийнадæ ке хæссуй Ирæфи цæугæдонæн. Æ дзубанди ма адтæй районы нæдти уавæрбæл. Куд загъта, уотемæй регионалон нисанеуæги хуæдтолгити, нæдти 84 километремæй нормативон домæнтæн дзуапп дæттунцæ айдагъдæр 48 километри. Бунæттон нисанеуæги нæдти 274 километремæй ба – айдагъдæр 64.


ТУСКЪАТИ Таймораз æма ЦАГЪАТИ Сослан.

Парламенти науки, ахуради, културæ æма информацион политики комитети сæрдар **Еленæ Князевай** дзубанди ба адтæй, социалон царди нисантæ районы куд æнхæстгонд цæунцæ, уой фæдбæл. Æма е 'ргом фулдæр раздахта, уæлдай цæстдард ка домуй, еци гъуддæгутæмæ, тæккæ фиццаг, демографион уавæрмæ. Депутати загъдмæ гæсгæ, уавæр фæххуæздæр уодзæнæй, æма экономикон, социалон æма медицинон къабæзти фарстатæ æмхузон ахедгæ хузи лухгонд ку цæуонцæ. Уомæй уæлдай, дзубанди рацудæй, программæ «Гъæуuон дохтир»-и æнхæст кæнуни фæдбæл, ци бакæнун гъæуй, фæсевæд устур сахартæмæ ма ледзонцæ, фал син сæ райгурæн районы аккаг кусти бунæттæ цæмæй уа.

Совети иуонгтæ ма байгъустонцæ, Дигори район фарæ бабæрæг кæнуни фæсте Парламент ци унаффитæ рахаста, уони исæнхæст кæнуни фæдбæл **Черчести Аслани** радзубандимæ. Уомæй уæлдай æркастæнцæ республики социалон-экономикон æма æхсæнадон-политикон царди хæццæ баст закъонти проекттæмæ.

Совети æмбурди фæсте Парламенти Сæрдар фембалдæй районы фæсевæди минæвæртти хæццæ. Архайдтонцæ ма си Парламенти национ политикæ æма фæсевæди гъуддæгути фæдбæл комитети сæрдар **Джиоти Геуæрги**, депутаттæ **Бердиати Кермен** æма **Бузарти Артур**, уæдта районы разамунд. Фæсевæди раздзогтæ – сæ хæццæ адтæнцæ æригон ахургæнгутæ, гъомбæлгæнгутæ, хузæгæнгутæ, амалгъонтæ, федæни тæлмацгæнгутæ, журналисттæ æма юристтæ, фæсевæдон парламенти иуонгтæ.

Фембæлд рауадæй зæрдхæлар æма æууæнкгун. Фæсевæд Тускъати Таймуразмæ лæвардтонцæ берæ аллихузон æргомзæрдæ фарстатæ, цæмæдесаг син адтæй уомæн æхецæн адæймаги менеугутæй æ цæсти бæрзонддæр æвæрд кæцитæ 'нцæ, циуавæр гъæуама уа хецаудзийнадæ, цæмæй ибæл адæм фулдæр æууæндонцæ. Сæ аци æма берæ æндæр фарстатæн Парламенти сæрдар лæвардта лæмбунæг æма арф гъуди æвæрд кæми адтæй, уæхæн дзуæппитæ.

Еци бон ма Парламенти Сæрдар бабæрæг кодта Дур-Дури 2-аг астæуккаг скъола. Аци ахургæнæндонæ бундорон райарæзти фæсте æ гъомбæлкæнуйнæгтæн æ дуæрттæ нæуæгæй урух байгон кодта ахури нæуæг анзи райдайæни. Скъолай директори ихæстæ æнхæстгæнæг **Бичегкути Фатимæ** иуазгути базонгæ кодта сæ ахурадон куст æма уой ахедгæдæр кæнуни фæдбæл сæмæ ци нурикон гæнæнтæ ес, уонæй куд пайда кæнунцæ, уæдта сæ ахурдзаути æнтæстити хæццæ.

Уой фæсте ма Тускъати Таймораз бабæрæг кодта Дур-Дури сæрмагонд (коррекцион) скъолаинтернат «Надежда» дæр. Æма уоми ци арфиаг куст æнхæстгонд цæуй, уой бæлвурдæй фæууингæй, зæрдиагæй райарфæ кодта, ка си косуй, уонæн сæ еугуремæн дæр сæ уодуæлдай æма зæрдиаг фæллойни тухххæй.

Тускъати Таймораз æма е 'мбæлццонттæ æнæ бабæрæг кæнгæ нæ фæцæнцæ Дур-Дури зæрдæбæлдаруйнаг рауæн дæр – нæ номдзуд хузæгæнæг Туйгъанти Махарбег кæми райгурдæй æма æ царди фиццаг æнзтæ кæми рарвиста, еци Хæдзарæ-музей. Цæуй ибæл дæс æма авдинсæй анземæй фулдæр. Исаразта 'й хузæгæнæги фидæ, Иристони фиццаг ахургонд-агроном Туйгъанти Сафар. Музейи сæргълæууæг **Цалити Батраз** иуазгутæн исаразта экскурси, фæууинун кодта зундгонд хузæгæнæги царди хæццæ баст, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн экспонаттæ. Туйгъанти Махарбеги Хæдзарæ-музей æй нæ адæми историй алæмæтдзийнадæ æвдесæнтæй еу, æ хъазар æма ахсгиаг хай. Нуртæккæ 'й, хузæгæнæги номхæссæг Дзæуæгигъæуи аййевæдти Музейи хайадæ. Уой хæццæ ба ма уой зæгъун гъæуй, æма нæ национ културæ аци артдзæсти абони уавæртæ æркæсуйнаг æнцæ, гъæуй æй араæхстæй барæвдзитæ кæнун. Уой кой искодта Цалити Батраз дæр, æма нæ зæрдæ дарæн, фегъосæг æй ке фæууодзæнæй, уобæл.

* * *

Нæ рагфидтæлтæй байзадæй ауæхæн загъд: «Цæнди дор дæр ма æнгъæлмæ ку фæккæсуй æ фенкъусун кæнунмæ...» Имисгæ ба 'й æркодтан, Парламенти Советæн Дигори районы ци æмбурд арæзт æрцудæй, уомæн Тускъати Таймораз ци хатдзæг искодта, уой æмзæлон ке æй, уомæ гæсгæ. Æ загъд ба адтæй: «Еугæр, нæ республикæн дæр æма нæ адæмæн ахсгиаг ка 'й, еци гъуддæгути бацудан, уæд ихæсгин ан сæ æнæмæнгæ æнхæст кæнунбæл æновудæй архайунæй!..»

**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ**


Дур-Дури 2-аг скъолай агрокъласи ахурдзаутæ.


Дур-Дури сæрмагонд (коррекцион) скъолай уроки рæстæг.

**Уæрæсей гъæуайкæнуйнадон спортивон-техникон организаций (РОСТО) исарæзтбæл 25 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма инсæй анзи.**

## ХЕСТÆРТИ ХЪАЗАУАТОН ФÆЛЛÆНТТÆ – ЗÆРДÆБÆЛДАРУЙНАГ


Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

# НÆ АБОНИККОН САГЪÆСТÆ – НÆ ИСОНИБОНБÆЛ САГЪÆСТÆ...

Ауæхæн рагон къартæмæ кæсгæй, адæймаг берæ аллихузон сагъæсти бацæуй. Уæлдайдæр ба, кæд ист æрцудæнцæ, еци рæстæгути цаутæ æма хабæрттæ базонгæй, куд нæ бадестæ кæндзæнæ нæ адæми уæди уодиконди алæмæтдзийнади фæдбæл. Етæ рæстудæй æма æвæллайгæй цийфæнди уавæрти дæр куд фæразон адтæнцæ, сæхебæл нæ ауæрдгæй, куд хъиамæт кодтонцæ сæ уæди цардиуагæ фæххузæнондæр кæнунбæл, сæ исонибон зæрдæмæдзæугæдæр ке уодзæнæй, уобæл рæстзæрдæй æуумæндгæй.

Уой нæ бæсти разамунд дæр куд нæ лæдæрдтæй æма адæмæй боз куд нæ адтайдæ. Советон Цæдеси уæди разамонæг Иосиф Сталин уой фæдбæл бæлвурд бæрæгæй уотæ загъта:

... «Мах нæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кæнуни фæдбæл устур зиантæ ке æрхастан, нæ адæм тугъди рæстæги, банимайæн дæр син нæййес, уоййасæбæл æгæрон берæ гъæуагæдзийнæдтæ æма риститæ ке баййафтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау фæскъилдуни æма фронти хъазауатонæй ке фæллойнæ кодтонцæ, етæ дзæгъæли нæ фæцæнцæ, махæн бантæстæй знагбæл фæуууæлахез ун...»

Уомæн æвдесæнтæ агорæг идæрдтæбæл зелун дæр нæ гъæуй, нæ алфамбулай æнцæ – нæ хъазауатон хестæртæ. Хумæтæг уогæй, етæ сæ царди рахаст æма фæллæнттæй уоййасæбæл цитгийнаг æнцæ, æма некæци кадæнгитæ дæр син зæгъунгъон исуодзæнæнцæ.

Уой фæдбæл æнцæ зундгонд журналист, нæ газети æновуд æрдхуард, Цæгат Иристони кадгин хестæри номхæссæг, нæ республики культури æскъуæлхт косæг **Къубалти Солтани** имисуйнæгтæ дæр. Æ дзубанди æуууæнкгун æй – куд тугъди сувæллæнттæй еу, уотæ æхебæл бавзурста тугъди æма фæстугъди уæззау уавæртæ, æхе цæститæй фæуууидта уæди хестæрти удуæлдай хъазауат, кæмидæрти ба е ’мгæртти хæццæ се ’мгустгæнæг дæр адтæй. Æма æ гъудитæн сæ сæйрагдæр æй – комкоммæ адæми еузæрдиуондзийнадæ, сæ æмзунд-æмвæндæ архайди фæрци бантæстæй еци уæззауæй-уæззаудæр уавæртæн ниффæразун æма си тухгиндæр разиннун, сæ цард рæвдзæй-рæвдзæдæр кæнун.

Къубалти Солтани имисуйнæгтæ ке мухур кæнæн, уомæн ес цалдæр рæуаги. Сæйрагдæр – нæ абони цардиуаги уавæртæ уæхæн æнцæ, æма бабæй нæ хъæбæр æхсицгонæй гъæуй нæ адæми еудзийнадæ, нæхе æма нæ Фидибæсти хуæрзагади сæрбæлтау еузæрдиуондзийнадæ. Иннæ рæуагæ ба – нæ цардиуаги уавæртæ хуæздæр хузи райаразуни фæдбæл нури аллихузон унаффæгæнгутæн бацетунæн. Сæ унаффитæй берæ цидæртæ бæргæ зæрдæмæдзæугæ фæуунцæ, фал сæ царди рауадзун бантæсдзæнæй, е ба берæ цæмæйдæрти секкаг фæккæсуй, уомæн æма сæ амонгутæй фулдæр хæттити феронх уй сæйрагдæр – адæм. Уотемæй ба, фæндитæ æма зундамундтитæ цийфæнди зæрдæмæдзæугæ æма æуууæнккаг ку уонцæ, уæддæр цардгъон ба нæ исуодзæнæнцæ, адæм, æнæмæнгæ исæнхæст кæнуйнаг нин æнцæ, зæгъгæ, сæ зæрдæй ку нæ райса, хецон ин ку нæ исуонцæ, æма сæбæл æновудæй архайунмæ разæнгардæй ку нæ бавнала, уæд. Уотæ адтæй недзамантæй ардæмæ æма æнæ уотæ уæн дæр нæййес. Цийфæнди гъуддаг дæр фæррæстмæ уидæ адæми разæнгарддзийнади фæрци, нæ Фидибæстæ дæр адтæй æма ’й тухгин адæми еузæрдиуондзийнадæй. Уой фæдбæл æ дзубанди Къубалти Солтанæн дæр.

### САЕРУСТУР ÆМА РАЗÆНГАРД СИ АН!..

Нæ хестæрти хъазауатдзийнади хабæрттæ гъæуама сæ зæрдæбæл даронцæ нæ абони æма нæ исонибони фæлтæртæ. Гъæуама уони фæнзунгъон куд уонцæ, бæрзондæй-бæрзонддæр куд есонцæ нæ адæми кадæ æма намус – уадзæ æма знæгтæ дæр уинонцæ нæ нифсхастдзийнадæ, удфедардзийнадæ æма ’й лæдæронцæ, сæ фудвæндитæй ку нæ банцайуонцæ, уæд сæ кæрон кумæ цæуй, уой...

Нæ Устур Уæлахезмæ агъазиау æвæрæн ка бахаста, уони хæццæ адтæнцæ Елхотти цæргутæ. Уæди рæстæгутæ имисгæй, мæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма аци кадгин гъæуи хъæбæр берæ адтæй, кадæ æма ин намус ка ’рхаста фæллойнæ æма тохи, уæхæн адæймæгутæ. Нæ дзубанди идарддæр уодзæнæй, фæскъилдуни æма тугъди фæсте уæззау рæстæг адæмон хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнунбæл æ хъæуритæбæл ка нæ аурста, уонæбæл.

4

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# НÆ ФИДИБÆСТИ АЛЦÆМÆЙ ДÆР САЕРУСТУР КУД УÆН!..

«Уæрæсейæгтæн сæ фулдæри фæндон æй, цæмæй нæ Фидибæстæ уа размæцудгъон, сабурдзийнадæуарзæг æма сæребарæ», – уæхæн хатдзæг искодтонцæ дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ, æрæги ци дзиллон æрфарст исаразтонцæ, уой бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ. Æрфарсти архайæг адæм дзуапп лæвардтонцæ, циуавæрæй уæ уинун фæндуй Уæрæсей, зæгъгæ, фарстайæн. Æма уонæн айдагъдæр сæ 18% байамудтонцæ гъомусадæ æма номдзуддзийнадæ, куд ахсгиаг æвдесæнтæ, уотæ. Æрфарст адæмæн сæ зингæдæр хай уотæ нимайунцæ, æма нæ бæсти æнтæстгин ундзийнадæн тæккæ ахсгиагдæр æнцæ размæцуддзийнадæ æма технологон райрæзт – сæ еци гъудимæ гæсгæ ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма раздæри уæхæн æрфæрститi æндæр хузи зундирахаст бæрæгдæр уидæ. Уой фæдбæл уотæ зæгъун æнгъезуй, æма рæстæгутæ куд цæунцæ æма ци æййивддзийнæдтæ хæссунцæ, уонæмæ гæсгæ адæм дæр, æвæдзи, растдæр лæдæрун байдæдтонцæ, абони син сæ цардгъондзийнадæн фулдæр æма хуæздæрæн ци исбæздзæнæй, уой. Рæстмæ уæнтæ сæ фæндити æма бæлдити!.. Æма нæ Фидибæсти алцæмæй дæр сæрустур куд уæн!..




## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Номдзуд испайнаг финсæг Лопе де ВЕГИ (1562-1635) финст æмбесæндтæй еу уæхæн æй. Цардæйадтæй, æ дзæнгæдайæй æгириддæр ка не ’нцадæй, еци дзорæги дзурдта æма дзурдта.

– Айæ циуавæр æвзаги ахæсти фæцан?! – бостæ кодтонцæ дæндæгутæ. – Æ дзæгъæл дзæнгæдайæй нæ бон ку нæбал æй!..

– Æма сумах ба ци гъуддаг ес? – æ гурумухъ дзуаппæй сæ фæссухъсун кæнидæ æвзаг. – Уæ куст æууелун æй æма ’й кæнетæ. Сибиртт дæр уи куд некæмæй бал фегъосон, уотæ!.. Мæ гъуддæгути уæхе ма тъунсетæ!.. Æз уæ унаффæ гъæуагæ нæ дæн!.. Балæдæрдтайтæ?..

Æма лæхъуæн раздæрау дзæнгæдатæ цагъта æма цагъта гъæуа-нæгъæуайæй. Æхецæй фурбозæй ниннæрсидæ æвзаг, ести нæуæг дзурдтæбæл ку фæххуæст уидæ, уæд!.. Æма ма сæ лæдæргæ дæр ку кодтайдæ!..

Еуæхæни бабæй æ дæбал-дубултæй æгæр ку фæкъкъæрт æй, саунгæ ма си цидæр æдзæлгъадæдзийнæдтæ дæр ку исервазтæй, уæд дæндæгутæн сæ маст райрадæй, сæхе нæбал бауорæдтонцæ æма дин æй ку æрцъест ласиуонцæ.

Æвзаг тоги исæзманстæй, лæхъуæн фурристæй ку ницъцъæхахст кæнидæ...

* * *

*Уæдæй фæстæмæ си уæлдай дзурд некæдбал исервазтæй. Ести зæгъунмæ ку багъавуй, уæд рагацау лæмбунæг рагъуди кæнуй...*

*Нури доги дæр минкъий нæ ’нцæ еци лæхъуæни хузæн дзæнгæдагæнгутæ. Сæ барæ сæхе уæд, зæгъгæ, си бæргæ зæгъианæ, фал бæлах е æй, уæхæнтти бæрни ку фæуунцæ нæ цардиуаги ахсгиаг фарстатæ, æма уони гъуддагонæй райаразуни бæсти – кенæ сæ нæ фæффæндуй, кенæ ба арæхсгæ дæр нæ фæккæнунцæ – ку иселлæг унцæ бæгъ-бæгътæ кæнунбæл. Æма си се ’взæгтæ сæ еци бæр-бæртæй ка бауорама, уæхæн дæндæгутæ ба, цæмæдæр гæсгæ нæ разиннуй... Æма къæр-къæр берæ, гъуддæгутæ ба – æвæгæсæг.*



**Владимир ЛЕНИН (1870-1924), Советон паддзахади бундорæвæрæг: «Адæймагæн аргъ кæнунцæ, æхуæдæг æхе туххæй ци дзоруй, уомæ гæсгæ нæ, фал ци аразуй, уомæ гæсгæ...»**

* * *

Æцæгæй ба фулдæр хæттити уотæ рауайуй. Æма, уоййасæбæл естæййаг нæ уогæй, æхе туххæй зæрдæскъæфæн койтæ кæнунмæ ка арæхсуй уæхæнттæн, гъулæггагæн, фулдæр аргъгонд цæуй. Æма – кæсайтæ! – уотемæй раде-путаттæ унцæ – хецаудзийнади хиццагдæр бунæтти æрбадунцæ. Ци аразунгъон фæуунцæ, уой ба уæхуæдтæ уинетæ – некуд æма неци...



**ПЛАТОН, рагон бердзенаг философ: «Адæмтæ амондгун уæд уодзæнæнцæ, æма æцæг философтæ ку уонцæ паддзæхтæ, кенæ ба паддзæхтæ ку уонцæ æцæг философтæ...»**

* * *

Магъа-магъа... Фæссоветон доги нæмæ аллихузон «философтæ» æма «зундилæгтæ» бæргæ рападдзæхтæ ’нцæ, фал... Куд рабæрæг æй, утемæй уонæн сæ «философи» адтæй: «Алцидæр нæхецæн æма нæ хъозонтæн!.. Адæмæн ба, зæгъетæ?.. Æма етæ ба ка ’нцæ?..»



**Федор ДОСТОЕВСКИЙ (1821-1881), финсæг: «Адæймаги медæгæ сæйрагдæр зунд нæй, фал – уодиконд, зæрдиуагæ, характетдзийнадæ, раздзæуæг гъудитæ...»**

* * *

Бæргæ-бæргæ, уæхæн менеугутæй æнхæст ку уиуонцæ, нæ цардиуаги гъуддæгутæ æнхæст кæнун кæмæн бабарæ кæнæн етæ, уæд, æвæдзи, нæ бæлдитæй берæ цæмæйдæртæй нæ фудевгед кæнианæ. Уогæ, ка ’й зонуй, етæ уоййасæбæл фудгин дæр нæ ’нцæ, фулдæр гъæуама нæхе æрфæрсæн, уæхæнттæ нин цæмæн исунцæ унаффæгæнæг æма син цæмæн бухсæн?..

**Гъæди косгути Бон бæрæггонд цæудзæнæй 21 сентябри. Уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еци къабази еугур косгутæн дæр!..**

*Алексис ТОКВИЛЬ (1805-1859), французаг историк: «Цард – нæдæр ухери æй, нæдæр идзæлæн; е æй, æнæмæнгæ ке гъæуама æнхæст кæнæн æма цæсгонгинæй кæронмæ ке гъæуама рахъæртун кæнæн, уæхæн гъуддаг...»*

**ХУÆРЗУАГОН ГЪÆУБÆСТÆ – РÆСТМÆ АРХАЙУНГЪОН, ЦАРДИ ЦИЙНÆДЗИЙНÆДТÆЙ – ХАЙГИН!..**



**Арфиаг æй, хестæртæ кæстæрти гъомбæлади зæрдиагæй ку архайуонцæ, уæд еци гъуддаг. Къари (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): «Аланти Нихæс»-и Кирови райони хайади Унаффæгонди сæрдар КЪУБАЛТИ Солтан, райони ветеранти Унаффæгонди сæрдар БЕДОЙТИ Феликс æма зундгонд æхсæнадон архайæг ЛАЛИТИ Лев гъæу Комсомольскийи астæуккаг скъолай ахурдзаути фембæлди рæстæг.**

# СÆРУСТУР ÆМА РАЗÆНГАРД СИ АН!..

3

«Елхотти колдуар», зæгъгæ, ци рауæн хонунцæ, уой рæбун æрбунæттон унæй фæстæмæ елхоттæгтæ Хæресгунæй Даргътаги уæнгæ сæ саумæрæ зæнхитæй истонцæ берæ бæркад. Хуæнхаг зинвадуат цардæй будуйраг фæтæн тъæпæнтæбæл сæ готæнттæ ку рауадзиуонцæ, уæд фæлтæрæй-фæлтæрмæ арæхстгиндæр кодтонцæ сæ хумзæнхитæй гъæздуг бæркад есунæй. Сæ бийнонти фагæ кодта сæ хуар, Октябри социалистон революций агъоммæ ма нартихуари тиллæги уæлдæйттæй паддзахадæн уæйæ дæр кодтонцæ.

Кадгин æма намусгин Елхотти берæ адтæй зæнхгусти дæснитæ. Зæгъæн, хестæр фæлтæри минæвæрттæ Дзиуати Аслæнихъо, Карсанти Боцун, Мамиати Алхæст, Рубайти Шумахо, кæстæртæй ба – Дзугати Дзибудтай фæскомцæдесон-фæсевæдон бригади иуонгтæ.

Мах абони, гъæуи хестæртæ, нæ сабийдоги игъустан æма нæхуæдтæ æвдесæн адтан, тугъди рæстæг æма уой фæсте æнзти бæрзонд хуарæрзадбæл гъæубæсти цæргутæ куд хъазауатонæй архайдтонцæ, еци хабæрттæн. Уони зæрдæбæл даргæй, æвæдзи, балæдæрæн ес, елхоттаг зæнхикустгæнгути фæллæнттæ уоййасæбæл игъустгонд цæмæн адтæнцæ, бæрзонд аргъгонд син цæмæн цудæй, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма си дууемæн – Дзгойти Еруслан æма Нæкусати Дагкойæн аккаггонд æрцудæй Социалистон Фæллойни кадгин ном, бæрзонд паддзахадон хуæрзеугути аккаг иссæнцæ: Дзгойти Бег, Карсанти Георги æма Хамби, Ходи Руслан æма Къубалти Георги, Дзгойти Руслан æма Къубалти Руслан, Хъæцмæзти Баграт æма Илья, Музати Шота æма Николай Лехтерев, Хубулти Олег æма Батиати Барис – берæ 'нцæ, æ хъазауатон кусти фæрци сæ нæмттæ сæ райгурæн гъæу Елхоттæй идæрдтæбæл кæмæн райгъустæй, уæхæнттæ.

Евгъуд æноси дæс æма инсæйæймаг æнзти дæр ма Елхотти адтæй цуппар колхози. Сæ еу, мах кæмæ хаудтам, е, хаста советон паддзахадон æма политикон архайæг Анастас Микояни ном. Æ бригадитæй еуемæн разамунд лæвардта Милдзихти Заурбег (Къæлеткæ – æ фæсномуг, уой уомæ гæсгæ амонун, æма аци муггаги адтæй цалдæр лæги Заурбег номи хæццæ). Нæ имæ адтæй сæрмагонд ахургонддзийнадæ, фал ин æрдзæ балæвар кодта зæрдæргъæвддзийнадæ æма алæмæти ацъагъуæ колхозти исарæзти размæ елхоттæгтæ хе зæнхитæбæл ма ку кустонцæ, сауæнгæ уæдæй фæстæмæ сæрмагонд бонуги финста бонигъæди æййивддзийнæдтæ, етæ аллихузон култури æрзадбæл куд фæззиннунцæ, уони дæр. Уой фæсте ба, колхози хумгæндти кæми циуавæр културæ хуæздæр ирæзуй, уой дæр. Бæрзонд цæстиварди имæ адтæй евгæтуди æгъдæуттæ гъæугæ уагæбæл аразун, будуйрон куститæ хуæздæр æмгъудти кæнунбæл. Полеводæй уæди рæстæгути (уотæ худтонцæ нуриккон агрономи) ку иснисан кодтонцæ Милдзихи-фурти, уæд кæддæриддæр æновудæй архайдта хумзæнхи алли гæппæлбæл дæр зæрдиагæй бауозалунбæл æма си хуарз бæркад исесунбæл.

Адæми 'хсæн нимад адтæй Милдзихти Заурбег. Е дæр син æгъдау лæвардта, сæ фæллойнæн син аккаг аргъ кодта. Æ бригади иуонги номхигъд финст адтæй æ бонуги. Фæндуй мæ уой æрхæссун аци æрмæги, цæмæй бабæй нæуæгæй сæ нæмттæ æрлæууонцæ сæ байзайæггæгти зæрдæбæл: Едзойти Александр, Едзойти Годзекка, Прокофий Карсель, Хъæбанти Бабо, Сæлбити Хадзирæт, Сæлбити Бабо, Сохти Димка, Сæлбити Косерхан, Мамиати Дзукъула, Кодзурти Голодзи, Батиати Жури, Бицъоти Датга, Карсанти Дзиго, Агънати Саса, Дзиуати Варичкæ, Милдзихти Клавдя, Зорихъуати Сæлимæт, Агънати Алхæст, Андиати Бимболат, Лазарти Рамазан, Лианти Гафе, Габисати Хадзигуа, Къубалти Симихан, Чеджемти Темболат, Бади Дæгка, Тотиккати Тамарæ, Ходи Билла, Махъоти Верæ, Чеджемти Айсæду, Найфонти Кермен, Цомартати Дзæйнæт, Тогъузати Тамарæ, Тæлинти Дзедзикка, Чеджемти Дофга, Чеджемти Дема, Мамиати Сериффæ, Тæлинти Бадти, Къубалти Мæхæмæт, Дзгойти Хъæсболат (Дзибунæг), Блати Госæда, Лазарти Зинæ, Лазарти Афинæт, Чеджемти Фатка, Сæлбити Беслæн, Дзиуати Маха, Едзойти Дугка, Бичерахти Нуца, Дзгойти Сериффæ, Бургалати Косерхан, Чеджемти Аминæт, Тотиккати Адилби, Къубалти Фатъимæт, Бзарти Минкæ, Кодзурти Хъамболат (Бæппу), Кцойти Елмæсхан, Кодзурти Æвдуллæ, Тотиккати Ибрагим, Плити Нинæ, Къарджиати Еленæ, Ходи Хъамболат, Хъусати Дауит, Алæти Георги, Агънати Амæза, Агънати Мамас, Къубалти Ханæт, Сæлбити Уæлинка, Бади Раисæ, Къубалти Аминæт, Габисати Дихо, Къубалти Мæдинæт, Батиати Дрис, Сæлбити Духан.

Ке ранимадтон, еци нæлгоймæгтæн сæ фулдæр адтæнцæ фиццаг дуйнеуон æма граждайнаг тугъдтити архайгутæ. Сæ лæгдзийнади туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ аллихузон хуæрзеугутæй. Силгоймæгтæ ба, ефстæгтæй уæлдай – æртæ тугъдей азарæй седзæргæсæй ка байзадæй, уæхæнттæ. Сæ еугур дæр хъазауатонæй архайдтонцæ тугъди фудæй фехæлд адæмон хæдзарадæ нæуæгæй æ къæхтæбæл ислæууун кæнунбæл, хумзæнхитæй фулдæр тиллæг исесунбæл, цæмæй Райгурæн бæстæ ирæза, исонибони фæлтæртæн ба сæ цард хуæздæр рауайа.

Хуарз ма 'й гъуди кæнун: евгъуд æноси дууинсæйæймаг æнзти уæззау рæстæг колхозон будуртæй еунæг гæппæл дæр æнæгъудгонд нæ адтæй. Алли колхозон дæр, зæгъæн, нартихуари куст кæнунæн райсидæ 1-2-3 гектари – æ равналæнтæ кæмæн куд амудтонцæ, уомæ гæсгæ. Æ бон кæмæн адтæй, етæ дардтонцæ æстортæ æма фусвонс, косæг хайуантæ. Нартихуар бафснайуни æ фæсте ин хъæлнæгъ æркæрдиуонцæ сæ фонсæн хуаллагæн. Алкедæр лæдæрдтæй бæрнонддзийнадæ, ци тиллæг æрзайун кæниуонцæ, уой æнæцъæхуæлæй хæдзаради хуардонæмæ баласуни гъуддаги.

Æнæ зæгъæн нæййес уæди рæстæгути хестæрти дæнцæ цæйбæрцæбæл ахедгæ хузи бæрæг кодта ирæзгæ фæлтæрти фæллойнадон гъомбæлади гъуддагбæл, уой туххæй дæр. Будуйрон куститæмæ бийнонтæ цудæнцæ æмбурдæй хестæрæй-кæстæрæй. Скъоладзаутæ ба ахурæй уæгъдæ рæстæги исаразиуонцæ сæ кустадон бригæдтæ æма фæллойнæ кодтонцæ колхозон будурти сæрдигон æма фæззигон кусти афони.

Уæди æнзти колхозонтæн сæ бакустæн нимадтонцæ фæллойни бæнттæ, уой хæццæ – сувæллæнттæн дæр. Еци бæнтти хигъдæн ба лæвардтонцæ хуар, халсартæ, харбузтæ æма неситæ, сауæнгæ муди уæнгæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, адæми цард анзæй-анзмæ кодта хуæздæр. Уомæн ма агъаз адтæй, Советон хецауадæ, тухст рæстæгути, хæлцæ ке нæ фагæ кодта, æма 'й адæмæн ци хæлцадон къарточкитæмæ гæсгæ иурстонцæ, уони ке раййивта, уæдта алли анз хæлцæ æма промышленнон товарти æргътæ ниллæг ке кодта, еци гъуддæгутæ.

… Зæгъун гъæуй уой дæр, æма мæнæ нуртæккæ ци сæрмагонд æфсæддон операци цæуй, уой æнхæстгæнгутæ 'нцæ – 1945 анзи уæлахездзаути фæдонтæ. Уонæн табуйаг æнцæ сæ фидтæлти уодуæлдай тох нæ Фидибæсти фудæзнæгти нихмæ æма фæллойни хъазауатонти лæгдзийнæдтæ. Куд Устур Фидибæстон тугъди рæстæг, уотæ нур дæр тохгæнæг æфсад æма адæм æнцæ еу: æфсæддонтæн æрвист цæуй тохæн æрмæг, хегъæуайгæнæн фæрæзнитæ, хæлцæ. Тугъдонтæ ба æнхæст кæнунцæ сæ ихæс – укронацизми уедæгтæ исæскъунун. Сæ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй, елхоттаг лæхъуæнтæ дæр æвдесунцæ лæгдзийнадæ. Тох кæнунцæ нæ бæсти еудзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади сæрбæлтау, æцæгдзийнадæ æма рæстдзийнадæбæл. Фидтæлти намусæй, сæрустур угæй, æнцæ уодфедар…

«Царди цалхæн бауорамæн нæййес…» Уæхæн загъд нин байзадæй нæ рагфидтæлтæй. Æма кæд алли догæй дæр берæ цидæртæ исунцæ евгъуди тари амæттаг, уæддæр берæ цидæртæ ба фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæрæццагæй изайунцæ. Фиццагидæр – нæ цитгийнаг хестæртæ, сæ арфиаг фæллæнттæ. Уонæй алкæмæн дæр адтæй кæд æма æхе ирисхъæ, уæддæр сæ уодигъæдæ ба æмхузон – нæ зудтонцæ сайун, давун, дусвæлдæхтæй фæллойнæ кодтонцæ. Сæ цардвæндаг æй бафæнзунæн ирд дæнцæн абони æма исонибони фæлтæртæн.

* * *

***Елхотти ес хуарз æгъдау – гъæубæсти кадгин фæллойнæгæнгути цитгин кæнун. Аци къарæ ист æрцудæй хъиамæтгун силгоймаг Бохати-Тменати Раиси цитгингæнæн мадзали рæстæг. Æнцæ си (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): Бедойти Феликс, Къубалти Солтан, Бохати-Тменати Раисæ, Тменати Тамерлан.***



**АЛЛИ АДÆЙМАГИ МЕДÆГÆ ДÆР ЕС ХОР. ÆМА АМОНД ÆЙ, УОМÆН РОХС КÆНУНИ ФАДУАТ КА РАТТУЙ!..**

***Рагæй дæр кадгин гъæу Дур-Дур сæрустур æй æ цæргутæй, уæлдайдæр ба си царди тумугъти арфиаг гъуддæгутæй ка фескъуæлхтæй, еци адæймæгутæй. Уонæй еу – Советон Æфсади болкъон, философон наукити кандидат, публицист, Уæрæсей социалон наукити академий академик, Стъараполи крайи Сæргълæууæги размæ хестæрти Совети иуонг Хъиргъути Хадзирæти фурт Анзор. Абони ибæл æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи, æма ин уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн мæнæ аци æрмæгæй.***



ХЪИРГЪУТИ Анзор

# КАДГИН ÆЙ Æ ЦИТГИЙНАГ ЦАРДИУАГÆЙ

Хъиргъути Анзор райгурдæй Дур-Дури 1936 анзи 19 сентябри. Уæди рæстæгутæ хъæбæр зин æма тухстаг адтæнцæ берæ цæмæйдæртæй, уомæ гæсгæ ба уотæ зæгъун æнгъезуй, æма биццеуæн æ сабийдогæ фæцæй, авд анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд. Анзорæн хуæрзæригонæй æвзаргæ раудæнцæ царди берæ аллихузон зиндзийнæдтæ, кæцитæн сæ бафæразунæн уоди устур хъаурæ гъудæй. Уæлдайдæр ба Устур Фидибæстон тугъди рæстæги, Дур-Дур дæр цæйбæрцæдæр немуцаг-фашистон æрбалæборгути къохти ку фæцæй, уæд. Еу æма дууæ хатти нæ кастæй мæлæти цæститæмæ, фæуууидта æ хестæгути мæлæт, æхе бауæрбæл бавзурста тугъдон рæстæги æстонг æма уазал æнзти цуппар зумæгæй уазал гъæбес. Е дæр е 'мгæртти хузæн, боницъæхæй талинги уæнгæ фæллойнæ кодта колхози будурти дзоли къæбæрбæл, изæрæй ба цъилингай рохсмæ бадтæй æ киунугути сæргъи. Анзорæн æ имисуйнæгтæй, еу цау æностæмæ байзадæй æ зæрди. Цæветтонгæ, æ баба æма нанай хæццæ уæрдуни куд лигъдæнцæ фашисттæй сæхе байауон кæнунмæ, гъæдæмæ, æма сæ сæрти æзнаги нæмгутæ скъот кæнгæй, куд тахтæнцæ, е. Устур бæласи буни сæхецæн исараштонцæ зæнхæбæл хæдзарæ. Стонгæй, уазалæй цардæнцæ уоми, цалинмæ Сурх æфсад не 'суæгъдæ кодта знагæй сæ райгурæн гъæу.

Фæстугъд кæстæр фæсевæд сæхебæл нæ ауæрдгæй, хестæрти æмрæнгъæ фæллойнæ кодтонцæ, цæмæй ихæлд хæдзарадæ нæуæгæй æ къæхтæбæл ислæудтайдæ. Анзорбæл аст анзи ку исæнхæст æй, уæд æрцудæй еу цау, кæци фæббæрæг æй æ изолдæри цардбæл. Зæрдæргъæвд, зæрдерис биццеу цæмæдесæй кастæй æ алфамбулай ци цудæй, уонæмæ. Еугуремæй хъæбæрдæр æ цæстæ дардта, уруссаг сурхæфсæддон Иванмæ, кæци гъæуай кодта тугъди рæстæг æзнагæй, ци тохæнгарз байстонцæ, еци æвæрæн бунат. Е исахур кодта биццеуи уруссаг æвзагбæл кæсун æма финсун. Æма фæззæги, скъолай 1-аг къласмæ ку бацудæй, уæд æнцонтæй ахур кодта.

– Философтæй кадæр уотæ загъта, æма адæймаг æ цæрди медæгæ е 'цæгæй амондгун фæууй айдагъдæр цалдæр сахатти. Мæн фæлтæр еци цалдæр сахатти æхебæл банкъардта, æма сæ исхарз кодта 9 майи 1945 анзи, – имисуй Хъиргъути Анзор. – Мæ зæрдæй некæд феронх уодзæнæнцæ, адæм сæ фурцийнæй сæ бунати куд æрхауиуонцæ, сæ фæстаг инсади мортæ æмбурдгæнгæй, æртигай къеретæ куд цæттæ кодтонцæ æма си куд ирдтонцæ цитгин Уасгергий – тугъдонти агъазгæнæги ном. Мах, нæ еугур дæр æрæмбурд ан колхози правлений тургъæмæ, цæмæй еумæйагæй, æнхæстæй банкъарæн Уæлахези цийнæдзийнадæ.

Зонундзийнæдтæмæ над Анзорæн разиндтæй даргъ æма медесгун. 1954 анзи Дур-Дури гъæуи астæуккаг скъола каст фæууни фæсте, ахур кæнунмæ бацудæй сахар Бакуй еумæйаг æфсæддон училищемæ, уой фæсте ба сахар Ленинградi П.Ф Лесгафти номбæл физикон культурæ æма спорти хайадæ Ленини номбæл Тугъдон-политикон академимæ. Аци æртæ ахургæнæндони каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ.

Тугъдон-политикон академий фæууни фæсте æрвист æрцудæй Можайскийи номбæл Космосон æфсадти æфсæддон-инженерон академий философий кафедри ахургæнæгæй. Анзи фæсте ахур кæнунмæ бацудæй Тугъдон-политикон академий философон кафедри аспирантурæмæ фæсауунмæ. 1970 анзи кæрони æнтæстгинæй багъæуай кодта наукити кандидати диссертаци, æма æрвист æрцудæй Стъараполи крайи бастдзийнади тугъдон-инженерон училищемæ кафедри сæргълæууæгæй. Уомæн дæр æнæзæгъæн нæййес, æма Хъиргъуй-фурти ардæмæ ку исæнисан кодтонцæ, уæд аци ахургæнæндони æрæййафта æдеугурæй еунæг наукити кандидат, кафедрæ ба адтæй Ракетон-космосон æфсæдти 'хсæн фæстезадти нимæдзи.

Æдеугурæй цуппар анземæ Хъиргъути Анзор бацæттæ кодта æхсæз науки кандидати. Разамонæгти дæсни разамунд æма нифсхастдзийнади фæрци кафедрæ рацудæй размæ æма нимад æрцудæй Ракетон-космосон ахургæнæндæнтти 'хсæн тæккæ æнтæстгиндæрбæл. Дууæ анзей фæсте ба иссæй Советон Цæдеси Гæрзефтонг Тухти тæккæ хуæздæрбæл. Уой туххæй, 1987 анзи тугъдон журнал «Военная мысль» финста æ фæрстæбæл.

1980 анзи кæрони æ ирисхъæ цæхгæрмæ раййивта. Болкъон Хъиргъути Анзор æрвист æрцудæй Германий Демократон Республикæмæ советон æфсæдти къуари 'хсæн идеологон куст кæнунмæ. Еци кусти медæгæ æйдагъ федар уодикондæй уæлдай ма, гъудæй политикон æгъдауæй хъæбæр дæсни ун дæр. Цубур рæстæгмæ советон афицерæн фæззиндтæй федар бастдзийнæдтæ Германий адæмон æфсади политикон хецауадон хæццæ. Тугъдон дипломати ихæстæ æнхæстгæнгæй дæр, кæддæриддæр æ арми бафтуйидæ буцæуудзийнади фарстатæ раст уагæбæл ралух кæнун. Уой хæццæ ба алкæддæр хумæтæг рæнгъонтæмæ æхе хæстæг дардта, сæ Фидибæстæй изол ке 'нцæ, ке ибæл æрхун кæнунцæ, уой лæдæрдтæй.

Хъиргъуй-фуртæн федар бастдзийнæдтæ адтæй Германий Демократон Республики афицерти хæццæ. Кæд берæ дæсгай æнзтæ рацудæй уæдæй ардæмæ, уæддæр æй нæ ирохс кæнунцæ. Зæгъæн, 2015 анзи Уæлахези 70 юбилейон анз сахар Берлини бæрæггæнгæй, Хъиргъути Анзор уордæмæ официалон æгъдауæй агурд æрцудæй. Уоми, Уæрæсей Минæвайради цитгингæнæн мадзали рæстæг имæ бацудæй ГДР-и фæстаг сæргълæууæг Эгон Кренц æма ибæл хъæбæр бацийнæ кодта. Бафæсмардта 'й фондз æма инсæй анзей фæсте дæр. Куд рабæрæг æй, утемæй 1990 анзи Эгон Кренц, СЕПГ Политбюрои иуонг уогæй, Хъиргъуй-фурти æхуæдæг исхуарзæнхгин кодта реубæлдаргæ бæрæггæнæн Герман-Советон хæлардзийнади æхсæнади Устур сугъзæрийнæ нисанæй.

1991 анзи, æвддæс æма инсæй анзи Советон Цæдеси Æфсæддон Тухти баслужбæ кæнгæй, рацудæй отставки æма косун райдæдта ахургæнæгæй Стъараполи паддзахадон университети философий кафедри ахургæнæгæй.

Æхсæрдæс анзи Хъиргъути Анзор адтæй Стъараполи крайи губернатори размæ политикон-консультативон совети иуонг, Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æнхæстбаргин минæвар Стъараполи крайи, æма ма уой хæццæ адтæй Думи Хестæрти совети иуонг.

Цæгат Иристони Сæргълæууæги Æнхæстбаргин минæвар Стъараполи крайи уогæй, Хъиргъути Анзор берæ гъуддæгутæ исаразта, цæмæй экономики гъуддаги æма культурон æгъдауæй дууæ регионей æхсæн федар бастдзийнæдтæ уа.

Куд наукон косæг, уотæ бацæттæ кодта сæдæ наукон кусти æма федæни берæ специалисттæ. Æ дзурдæн ес уæзæ, уомæн æма имæ ес агъазиау царди фæлтæрддзийнадæ. Фал æхуædæг æхе нимайуй – «Ахургæнæг æма кæстæр фæлтæри гъомбæлгæнæгбæл. Ахур кæнун уæллагæй лæвæрд æй».

Кæстæртæн алкæддæр фæфффæдзæхсуй: «Адæймаг æхебæл ку фæууæлахез уа, уæд е æй устур хъаурæ. Гъæуама гъудитæ æма сæризунд æмдзо кæнонцæ. Е ба уобæл дзорæг æй æма, курухон сæризунд уорама æнæбæзгæ фæндитæ, зианхæссæг æнкъарæнтæ, æнæсæрфат зæгъдтитæ æма размæ кæна конструктивон фæндитæ æма адæмæн пайдахæссæг гъуддæгутæ».

Нæ уаци хъайтар æй цæмæдесаг дзубандигæнæг. Æ царди медæгæ берæ ка фæууидта, берæ къулумпити сæрти ка бахизтæй, еци адæймаг нуртæккæ æнæвгъауæй дех кæнуй æ гъæздуг фæлтæрддзийнадæй, æхе имæ ка бахатуй, уонæн. Сæйрагдæр, æхе царди хатдзæгтæмæ гæсгæ, æнæмæнгæ кæстæртæн фæдзæхсуй уой дæр, æма царди гъæуй хатир кæнун зонун, уой хæццæ ба ма уодикондæй хъаурæгин унбæл. Цæйбæрцæбæл фулдæр хуарздзийнæдтæ аразуй адæмæн, уой хæццæ æ алфамбулай дуйне кæнуй райдзастдæр. Е 'мкосгутæ куд зæгъунцæ, утемæй Хъиргъуй-фурт, æригонæй фæстæмæ еузæрдиуонæй байзадæй, æ зæрдæмæ хæстæг ка адтæй, еци идеалтæн.

Ахургонд-философ, æхсæнадон архайæг æма публицист, æй берæ уацти автор, уони хæццæ «МК-Кавказ»-и дæр æмгуст кодта. Мæнæ куд финсунцæ редакций косгутæ: «Хъиргъути Анзор æ курухондзийнади фæрци хъæбæр берæ раст гъуддæгутæ исаразта, цæмæй Цæгат Кавкази адæмихæттитæ лимæнæй цæрæнцæ, хелæдæргæй цæронцæ, сæ медастæу ба бастдзийнæдтæ федарæй-федардæр кæнонцæ, æ гъудити хæццæ арази ка нæ уидæ, уони дæр æригъосун кæнидæ æхемæ, уомæн æма æ алли дзурдæй дæр бæрæг дардта Фидибæстæ еузæрдиуон уарзтæй ке уарзуй, æма ин æ ирисхъæмæ цийфæнди цæстæй ке нæ кæсуй, е».

Хъиргъути Хадзирæти фурт Анзор берæ паддзахадон хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд æрцудæй. Уони 'хсæн: кадгин нисан – «Кусти медæгæ бæрзонд бæрæггæнæнтæ»-й, уæдта майдантæ «Стъараполи крайи размæ æскъуæлхтдзийнæдтæ» æма «Иристони намусæн», Номдзуд Петри номбæл уæлдæр æхсæнадон 3 къæпхæней орденемæй. Аци хуæрзеугæй аккаг кæнунцæ Уæрæсей паддзахади еудзийнадæ æма рабæстæмæ устур байвæрæн ка бахаста, уонæн. Хъиргъуй-фурт ма хуарзæнхæгонд æрцудæй «Фидибæстæ æма Советон Тугъдон æфсадæн лæггадæ кæнуни туххæй» æртиккаг къæпхæни æма Кади ордентæй.



ХЪИРГЪУТИ Анзор (астæуæй) Уæрæсей Президент Владимир ПУТИНИ хæццæ фембæлди рæстæг.

«Адæймаг амондгун уæд фæууй, æма царди æнзти хæццæ курухондзийнадæй дæр ку фæххайгин уй, уæд», – ахид фæззæгъуй Анзор. Æма ни федарæй æруагæс кæнуй, аци кадгин, курухон лæги цæстингасæй ма берæ æнзти дæргъи хайгин ке уодзинан, е.

***ДЗИДЗОЙТИ Валерий, историон наукити доктор, профессор.***

*ЕПХИТИ Тæтæри (1911-1958), финсæг: «Уогæ ба куд дессаг æй зæрди исконд дæр: ке уарзай, е дæ рази ку уа, уæд æй адæймаг уоййасæбæл нæ фæгъгъуди кæнуй, фал æй дууæ бони нæбал*



**Нæ адæми исфæлдистади таурæхътæй берети исæмбæлæн ес, адæм арви айдæнæ 'нцæ, зæгъгæ, загъдбæл. Уомæ гæсгæ ба уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма таурæхътæ сæхуæдтæ ба 'нцæ арви айдæнæ, зиннуй си дуйне æнæгъæнæйдæр: æ исконд, æ фæззиндтитæ, зиннунцæ си адæм, сæ цардвæндаг, сæ гъуддæгутæ, се 'гъдæуттæ, сæ зæрдæ. Таурæхъ æй, дзиллитæ ци исфæлдистонцæ, еци хæрзти хуæздæртæй. Уой фæлтæрæй-фæлтæрмæ хастонцæ, мæлгъæвзаг зæринцъух курухон лæгтæ, аййев дзурдæй си нивæфтуд кодтонцæ, хъайтарти æскъуæлтдзийнæдтæ, нæртон æгъдæуттæ, ездон гъудитæ – адæми фарнæ æма еци таурæхътæ кæсгæй, бæлвурддæрæй нæмæ разиннуй нæ абони цардарæзти æцæгдзийнадæ, уой фæдбæл берæ фарстатæн дзуæппитæ. Æвдесæнæн нæ газети абониккон номери мухур кæнæн дууæ таурæхъи.**

# ÆЛДАР ÆМА Æ ЕУНÆГ КИЗГÆ ДУДУ

Еу дууæ лæги æрбацудæнцæ æлдармæ гъаст кæнунмæ. Е уæд адтæй идард балций æма сæ гъаст ракодтонцæ кизгæ Дудуйæн. Лæгтæй еу загъта:

– Мах цудан бæхтæбæл æма æзинæ еу рауæн бафусун кодтан. Сæумæй рацудтæн, мæ бæх ци фæцæй, зæгъгæ, кæсун æма мæ бæхи рази байраг. Еу дзурдæй, мæ бæх низзадæй. Ме 'мбал ба уотæ зæгъуй, байраг дæу нæй, байраг мæн æй.

Уæд иннæ лæг загъта:

– Бахатир кæнæ, хуарз кизгæ. Амæн нæл бæх æй, мæнæн ба – силæ бæх; æма адтæй зайуйнаг. Æзинæ низзадæй, æма минкъий байраг лæудтæй дууæ бæхей астæу. Æ сæр нæл бæхи 'рдæмæ, æма 'й ме 'мбал æхе хонуй.

Дуду сæмæ æнцад байгъуста æма син загъта:

– Нуртæккæ æлдар ами нæй, уæлæ нин уæлхонхи кæсæлгитæ нæ хумтæ исафунцæ, æма уордæмæ рандæй.

Нæл бæхи хецау загъта:

– Мæнæ дессаг, ескæд дæр ма уæлхонхи дæр кæсæлгитæ фæууй?

Дуду бахудтæй æма загъта:

– Æма ескæд ба нæл бæх байраг низзадæй? Уæлхонхи кæсалгæ куд ес, дæ бæх дæр уотæ низзадæй байраг. Цотæ, уæ куст кæнетæ, æма макæдбал зæгъæ, мæ нæл бæх байраг низзадæй, зæгъгæ.

Дууæ лæги рацудæнцæ, Дудуй зундгин загъдбæл дестæгæнгæй.

Æлдар балцийæй ку æрæздахтæй, уæд ин Дуду æхе растудта, дууæ лæги куд бафедаун кодта, уомæй. Æлдармæ ратингун æй, дæу гъуддаг æвзарæг ка искодта, зæгъгæ. Æ лæггадæгæнгутæй дууемæ фæдздзурдта æма син загъта:

– Аци кизги ласетæ æма, адæмæй лæгъуздæр ке иссерайтæ, уомæн æй раттетæ.

Дууæ лæги Дудуй уæрдуни исæвардтонцæ æма рараст æнцæ. Еу рауæн кæсунцæ, æма устур фæткъу бæласæн æ фурзадæй æ къабæзтæ дæлæмæ æрзæболтæ 'нцæ, бæласи буни ба еу лæг хъан уогæй, хæрдмæ фæткъутæмæ кæсуй æма фæткъу хуæрунмондагæй æ коми дæнттæ уайунцæ. Æма дзоруй:



Ахмет МАЛЬСАГОВИ конд хузæ. Ист æй социалон хизæгтæй.

– Тæходуйтæ, нур еу фæткъу бахуæрæ!

Дууæ лæгемæй еу загъта:

– Кæсай, уæртæ уомæй ма лæгъуздæр уодзæнæй, фæткъу æртонун ка нæ зонуй. Раттæн Дудуй уомæн.

Иннæ лæг загъта:

– Цæуæн бал идарддæр.

Ранæхстæр æнцæ æма еу устур донмæ бахъæрттæнцæ. Дони билæбæл еу лæг уæлгоммæ хуссуй æма дзоруй:

– Мæ ком ниссор æй, æдонугæй мæлун!

Лæгтæй еу загъта:

– Амæй ма лæгъуздæр ескæми разиндзæнæй, донахидæй дон баниуазунмæ ка нæ арæхсуй. Раттæн Дудуй амæн.

Иннæ лæг загъта:

– Цæуæн бал идарддæр, никкидæр ма байагорæн.

Сæ цуди кой изолдæр кæнгæй, кæсунцæ, адæм ерисæй мæнæуæ кæрдунцæ, æфснайунцæ, цалинмæ фурсорæй æгъзæлун нæ байдæдта. Еу лæг еу курес æркарста, хъел æй исæвардта æма æ аууони æнцад хуссуй.

Дууæ лæги загътонцæ:

– Изолдæр мабал цæуæн, амæй ма лæгъуздæр кæми иссердзинан. Æ мæнæуæ сор кæнуй æма æгъзæлуй, е ба æхецæн уолæфуй.

Бацудæнцæ лæгмæ, исистун æй кодтонцæ æма 'й фæрсунцæ:

– Цæмæннæ кæрдис мæнæуæ?

Е загъта:

– Æма имæ ци хæлæф кæнун, мæ фагæ ма си байзайдзæнæй, берæ рæстæг ма ес.

Дууæ лæги ин загътонцæ:

– Мадта мæнæ уæрдуни исбадæ æма цæуæн дæ хæдзарæмæ.

Исбадтæй сæ уæрдуни æма сæ бахъæртун кодта еу рауæнмæ:

– Мæнæ айæ мæ хæдзарæ 'й.

Бацудæнцæ медæмæ – æдзæллаг, æнæфснайд хæдзарæмæ. Æма ин уæд загътонцæ:

– Мæнæ аци кизги дæттæн дæуæн уосæн æма цæретæ.

Хуæрзбон загътонцæ Дудуйæн æма уоййадæбæл рандæнцæ.

Еци лæг бабæй еу курес æркарста æма бабæй æ аууони уæлгоммæ исхустæй. Дуду æхебæл æндæр дзаумæуттæ искодта, æ цæсгон сау исхурста, уотемæй æ лæгмæ æрбацудæй, æма имæ дзоруй:

– Хуарз лæг, æз дæн уодесæг. Абони дæ мæнæуæ карст ку нæ фæууай, уæд дин æнæ рамæлгæ нæййес. Игъосис?..

Дуду фæстæмæ сæ хæдзарæмæ иссудæй, къирæй æй рацагъта, ракæдзос æй кодта, æ бон цæйбæрцæ адтæй, уой бæрцæ.

Дудуйæн æ лæг ба æ æхсирф райста, æ ходæ дæр æ сæрæй фелваста, æ хæдони дустæ исхатта æма, гъæйтт, зæгъгæ, кæрдун райдæдта. Рæфтади рæстæг уолæфгæ дæр нæ бакодта, уотемæй, æхебæл нæ ауæрдгæй, æ кусти кой кодта, æма хори нигулæнмæ æ мæнæуæ карст фæцæй. Сабургай æрбаздахтæй сæхемæ. Медæмæ бацудæй æма... æ хæдзарæ цæхæртæ калуй: кæдзос, æфснайд æма рохс. Хъæбæр дессаг имæ фæккастæй еци кæдзосдзийнадæ, фал æ фур фæлладæй æнцад, æнæ дзоргæй æрбадтæй. Дуду æй фæрсуй:

– Ести ди ресуй? Ци æгуппæг бадт кæнис, ку неци дзорис?

– Аци бон хъæбæр бафæлладтæн, хуæрунмæ дæр мæ нæ райевдалдæй. Мæнæ мæ кæрдзини къæбæр фæстæмæ æрбахастон. Абони мæмæ уодесæг æрбацудæй æма мин загъта: «Абони дæ хумæ карст ку нæ фæууай, уæд дин дæ уод исесдзæнæн, æма рамæлдзæнæ...» Æз дæр уæд мæхебæл нæбал байаурстон æма хумæ карст фæдтæн.

Дуду, цума неци зонуй, уой хузæн æ лæгæн æхе тæрегъæдгæнæг искодта. Хуæруйнаг ин равардта, æма лæг тарф фунæй бацæй.

Сæумæраги рацудæнцæ курестæ æмбурд кæнунмæ. Лæг еу угæс (авд куреси) исамадта æма æ аууони исхустæй. Дуду бабæй имæ фæззиндтæй æзини хузи фæлусти æма имæ дзоруй:

– Хуссис бабæй? Абони гъæмпи рагъ амад ку нæ фæууай, уæд дин изæри дæ уод исесдзæнæн. Уæдта адæмæй раздæр найæгонд ку нæ фæууай æма мæнæуæй, гъæмпæй куд æнгъезуй, уотæ сæ ку нæ бафснайай, уæд ми ма рагъаст кæнæ. Дæ нæуæг уосæ дзæгъæлæй райзайдзæнæй.

Лæгмæ уотитæ бавзедгæй, Дуду бабæй рандæй сæхемæ. Лæг ба февналдта æма угæстæ нæ, фал гъæмпи рæгътæ амайун федæдта, æма хор нæма ранигулдæй, уотемæй æ куститæ фæцæй æма æ хæдзарæмæ рацудæй.

Дуду æй фæрсуй:

– Аци бон ба нæ бафæлладтæ?

Лæг загъта:

– Уотæ хъæбæр нæ бафæлладтæн, фал мæ сæумæй раги райгъал кæнæ, абони бабæй мæмæ æрбацудæй уодесæг æма мин загъта: «Адæмæй раздæр дæ мæнæуæ инайæгонд ку нæ фæууай, уæдта мæнæуæй, гъæмпæй куд æнгъезуй, уотæ ку нæ бафснайай, уæд ми ма рагъаст кæнæ».

Дуду æ лæги боницъæхтæбæл райгъал кодта. Е æ галтæ исефтигъта æма бон-изæрмæ хумæй цалдæр ласти æркодта мусмæ мæнæуæ. Дуккаг бон æ хумæ ракæдзос кодта. Адæм устур деси бацудæнцæ, аци лæг ци косагæ иссæй, зæгъгæ.

Адæм ласæнгонд нæма фæцæнцæ, уотæ е ба инайæгонд фæцæй. Æ гъæмпи рагъ исамадта, æ мæнæуæ æ хæдзарæмæ баласта æма 'й рæсугъд исæрст къутуй никкодта. Сæрди куститæ рахецæн æнцæ, фал уæддæр лæг æнцад бадун нæбал зудта æма фæрсуй Дудуй:

– Аци бонæй фæстæмæ ба ци косон?

Дуду загъта:

– Фæззегæнди зæнхæ цæттæ кæнун гъæуй, гъæдæрмæг ласун гъæуй, – нæ хæдзарæ тагъд никкæлдзæнæй, хуасæ æрбаласун гъæуй. Раздæр бал зæнхи гъуддаг бакæнæ æма дæхе гъæуай кæнæ уодесæгæй. Е уæхæн æгъатир æй, æма ин цийфæнди лигъстæ ку кæнай, уæддæр дæмæ нæ байгъосдзæнæй. Уой бæсти сабургай еститæ архайæ.

Лæг загъта:

– Ма тæрсæ, мæ хори хай, Дуду, æз æнцад бадун нæбал фæразун, уодесæг мæн æгустæй некæдбал фæууиндзæнæй.

Лæгæн алкæддæр куст æма уодесæг æ рази лæудтæнцæ, æнцад нæбал бадтæй, тургъæмæ рацæугæй, куст иссеридæ æхецæн. Еу загъдæй, Дуду æ магоса лæги косунахур искодта. Цæрунтæ байдæдтонцæ, сæ цæуæт дæр косунгъон фæцæнцæ. Нæуæг уæладзуг хæдзарæ искодтонцæ, æсторвонс сæмæ адтæй, фусвонс дæр – никкæнæн син нæбал адтæй.

Берæ æнзтæ рацудæй, æлдар æ еунæг кизги æхецæй ку рахецæн кодта, уæдæй фæстæмæ. Æлдар хъæбæр базæронд æй. Еу бон ба фæдздзурдта æ дууæ дæлдæремæ æма син загъта:

– Уæхуæдтæ зонетæ, мæ еунæг бæдоли мæхецæй ке фæссурдтон, уой. Еци бонæй нури уæнгæ мæнæй иронх некæд адтæй, мæ зæрдæ ибæл хъæбæр ресуй. Æз базæронд дæн, æма уи корун, мæнæ мин мæ лæдзæг мæ кизгæбæл исæмбæлун кæнетæ. Æцæг фæттагъд кæнетæ. Мæнæн мæ цæрæнбонтæ кæронмæ æрбахъæрттæнцæ.

Дууæ лæги исцæттæ кодтонцæ хуæрдæй, ниуæзтæй, уæдта алли хъазар дарæстæ æма æндæртæй. Æлдари сугъзæрийнæ лæдзæг дарийти батухтонцæ æма рандæнцæ зонгæ надбæл. Æма, кæддæр Дудуй кæми ниуагътонцæ, еци гъæумæ бацудæнцæ. Фал хæдзарæ нæбал ерунцæ, уомæн æма æ бунати фæззиндтæй устур уæладзуг хæдзарæ. Сæ бæхтæ бауорæдтонцæ гъæунги æма лæуунцæ.

Дуду сæ къæразгæй рауидта, базудта сæ, сæ размæ рацудæй, «Æгас цотæ», зæгъгæ, син загъта æма сæ барæй фæрсуй:

– Ке агоретæ, хуарз иуазгутæ?

Етæ загътонцæ:

– Кæддæр мах ами еу рауæн ниууагътан не 'лдари кизгæ Дудуй.

Дуду син загъта:

– Уæ бæхтæ бал тургъæмæ æрбакæнетæ æма еуминкъий уæхе рауазал кæнетæ, уæхе дæр

Зундгонд ахургонд, географион наукити доктор, профессор Беройти Мæцихъой фурт Бариси райгурдбæл 21 сентябри æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1936-2020).

***фæууидтай, зæгъгæ, уæд зæрдæ æрхун кæнун байдайуй æма еудадзуг имисуй...» Аци зундгин загъд нæ зæрдæбæл дарунгъон уæн æма нин зæрдтагон ка ’й, уонæбæл æновуддæр уæн...***

æрæхснетæ, Дуду дæр уæмæ уæдмæ зиндзæнæй.

Иуазгутæ Дудуй нæбал базудтонцæ, уæддæр сæ бæхти тургъи бæрзонд æхсæрæ бæласи буни аууонмæ бакодтонцæ. Хуæруйнаг син бæлæгъи никкодтонцæ. Дууæ лæгей еу уатмæ бахудта Дуду æма син загъта:

– Уæхе æруадзетæ...

Уалинмæ еу биццеу тас æма хъувгъани хæццæ æрбацудæй, æ усхъитæбæл – хесæрфæн. Иуазгутæ сæхе нихснадтонцæ, æма сæ размæ февзурдæй рæуæг фингæ. Хæдзари хецау – уорсрехæ зæронд лæг – æрбацудæй, иуазгутæн салам равардта æма сæ хæццæ æрбадтæй. Хинцуй сæ. Еу дзæвгарæ рæстæг рабадтæнцæ, æма хæдзари хецау зæгъуй:

– Бахатир кæнетæ, хуарз иуазгутæ, мæ фæдбæл рацотæ.

Иуазгутæ исистадæнцæ æма хæдзари хецауи фæдбæл уæладзугмæ иссудæнцæ. Дуду хуæрзарæзтæй лæудтæй сæ размæ æма сæ бакодта устур уатмæ. Уоми фингитæ арæзт адтæнцæ, сæ сæрбæл алли хуæруйнаг æма хъазар ниуазуйнæгтæ æма сугъзæрийнæ ниуазæнтæ. Иуазгутæ æрбадтæнцæ, хæдзари хецау – сæ сæрмæ, Дудуй биццеу – идзагдар. Фæйнæ ку раниуазтонцæ, уæд Дуду устур дзæбодури сикъати сау бæгæний ниуазæнтæ æрбахаста иуазгутæн æма син загъта:

– Гъенур æгас цотæ, мæ фидæй æрвист лæгтæ. Æз дæн, сумах ке агоретæ, е – Дуду.

Куд нæ ниддестæ адтайуонцæ дууæ иуазæги. Æма Дуду ниуазæнтæн, куд æнгъезуй, уотæ æгъдаугонд ку æрцудæй, уæд гъæуама нæуæг арæзт фингæбæл æрбадтайуонцæ, фал дууæ иуазæги загътонцæ:

– Бахатир кæнетæ, æлдар нин ци бафæдзахста, уой бал рахецæн кæнæн.

Рацудæнцæ æма æрбахастонцæ сæ хунæ: хуæруйнагæй, ниуазуйнæгтæй, сæ лæвæрттæ æма сугъзæрийнæ лæдзæг, дарийти тухтæй, æма загътонцæ:

– Атæ ’нцæ не ’лдари хунтæ.

Хæдзари хецау загъта:

– Иуазгутæ, бахатир кæнетæ, æрбадæн. Уотемæй нæ финги уæлгъос дзубанди кæндзинан.

Ку æрбадтæнцæ, уæд иуазгутæ исистонцæ сугъзæрийнæ лæдзæг æма загътонцæ:

– Аци лæдзæг æй æлдари, æма ’й е рарвиста æ кизгæн æма ниффæдзахста, Дуду æлдареуæг куд кæна, уотæ.

Дуду загъта:

– Цалинмæ мæ фидæ æ дууæ цæстемæй кæсуй, уалинмæ аци лæдзæг мæнмæ нæ хауй, æма ’й фæстæмæ хæссетæ, ке æй, уомæ.

Дуду æма æ лæг æнæгъæнæ авд бони нæ рауагътонцæ иуазгути æма, ку цудæнцæ, уæд син устур лæвæрттæ ракодтонцæ. Дуду æ фидæн рарвиста дессаги гъар кæрцæ, кæдзос денгизи сирдти цæрттæй конд – аллихузи æрттивта. Уотемæй иуазгутæ хуæрзбон загътонцæ æма рандæнцæ.

Дууæ æрвист лæги æлдари æрбаййафтонцæ æ хуссæни хъанæй. Æлдар æ хуссæни рабадтæй, байгъуста æ дууæ дæлдæремæ. Етæ ба ин радзурдтонцæ:

– Нуртæккæ Дудумæ ци мулк ес, е дæумæ некæддæр уодзæнæй. Дуду магоса лæгæй искодта, гъæуи астæу хъæбæр нимади ка ’й, уæхæн. Дудуй уæладзуг азгъунсти ци ес, е æлдармæ нæййес. Дуду сугъзæрийнæ лæдзæг нæ бакумдта, цалинмæ, дан, мæ фидæ æ дууæ цæстемæй кæса, уалинмæ мæнæн мæ бон нæй еци лæдзæг райсун.

Æлдар хъæбæр фæббоз æй æ дууæ дæлдæремæй æма загъта:

– Нур балæдæрдтæн, мæ кизгæ хуарз зунди хецау ке æй, уой. Æз мæ лæдзæг дæр барæй рарвистон, цума ци зæгъидæ Дуду, ци зæрдæ мæмæ даруй, зæгъгæ. Нур ба мæбæл æрбакæнетæ æ лæваргонд кæрцæ. Аци бонæй фæстæмæ мæн кæрцæ нæбал гъæудзæнæй, æма тагъд уæртæ мæ саулох бæхбæл рарвететæ гъæргæнæг.

Еци æхсæвæ гъæргæнæг рарвистонцæ æма сæумæраги е бахъæрттæй, Дуду кæми цардæй, уордæмæ, æма ин фегъосун кодта, дæ фидæ хъæбæр уæззау сæйгæ ’й æма дæ агоруй.

Дуду уайтæккæ æхе рарæвдзæ кодта æма æ хестæр биццеуи хæццæ уæрдунæй ранæхстæр æнцæ. Æрбахъæрттæнцæ, æлдари ма удæгасæй æрбаййафтонцæ. Кæрæдзебæл фæццийнитæ кодтонцæ, уæдта æлдар æ бази бунæй раласта сугъзæрийнæ лæдзæг æма ’й Дудумæ равардта:

– Мæнæ дин æлдари лæдзæг æма ин æ кадæ ма фесафæ. Æлдареуæг кæнæ, адæми хуарзæнхæй хайгин уо. Гъенур ба хуæрзбон кæнæ...

Æлдар æхе æруагъта, æма ин Дуду æ цæститæбæл æрхуæстæй.

Æлдари кади хæццæ байвардтонцæ, куд федудта, уотæ ин мæрдæгъдæуттæ искодтонцæ.

Гъуддæгутæ ку рахецæн æнцæ, уæд Дуду æ адæми æрæмбурд кодта æма сæ бафарста:

– Цæмæй тухст æййафетæ? Ци уæ гъæуй?

Адæм æмцъухæй загътонцæ:

– Зæнхæ нин нæ фагæ кæнуй, уæдта нæ хъалон тухсун кæнуй.

Дуду загъта:

– Аци бонæй фæстæмæ зæнхитæ – сумах. Хъалон ба федетæ, нуриуæнгæ ка адтæй, уомæн е ’мбес.

Адæм сæ ходтæ исистонцæ æма Дудумæ дзорунцæ:

– Берæ нин цæрæ, берæ!..

Дуду ба ма син загъта:

– Аци бонæй фæстæмæ мах ан æмхузон адæм, æлдари ном феронх кæнетæ...

Дуду силгоймаг уогæй, адтæй устур зунди хецау æма æ адæмæн равардта уæгъдебарæ цард.

* * *



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

## МАДÆ ÆМА ФУРТИ АРГЪАУ

Раги-ма-раги, дан, цардæнцæ мадæ æма фурт. Адтæнцæ хъæбæр мæгур. Уæд дин еууæхæни лæхъуæн æ мадæн ку зæгъидæ:

– Æз цæун, нана, кæдимайди ба мæ ескæми ихуæрсти райсиуонцæ.

Мадæ исарази æй:

– Барæ дæхе...

Лæхъуæн ранæхстæр æй сæхецæй, бафтудæй еу гъæумæ. Уоми нихæси лæгтæ бадтæнцæ, æма сæ фæрсуй:

– Ихуæрст уи неке гъæуй?

Нæ гъæуй, зæгъгæ, адтæй сæ дзуапп, æма лæхъуæн уордигæй рацæуйнаг куд адтæй, уотемæй æй еу лæг бауорæдта:

– Æз дæ байхуæрсдзæнæн.

Лæхъуæни ма хуæздæр ци гъудæй, æма ниццудæнцæ еци лæги хæдзарæмæ. Етæ адтæнцæ æртæ æнсувæри æма ин загътонцæ:

– Кæд дæ фæндуй – æртæ соми дин анзмæ феддзæнæн, кæд нæ, уæдта дин ракæндзинан æртæ унаффи.

Хуарз, зæгъгæ, исарази æй лæхъуæн… Цидæр адтæй, уæддæр анз райевгъудæй, æма æнсувæртæн сæ ихуæрст бакой кодта:

– Гъæйдæ, ци мин зæгъетæ, мæ фусунтæ?

Хестæр æнсувæр ин загъта:

– Цо æма, фиццагидæр, дæ надбæл цæбæл исæмбæлай, уой дæ хæдзарæмæ фæххæсдзæнæ.

Астæуккаг ин загъта:

– Дæ уосæн, дæ зæрди ци ес, уой макæд зæгъæ.

Кæстæр ин загъта:

– Хуæрзеуæг ди ци нецæййаг агора, уомæн æй ма раттæ.

Уотемæй лæхъуæн рараст æй æ хæдзарæмæ. Надбæл иссирдта æхсæри къуæцæл, хелаги губуни тъунстæй.

Гæрр, гæлæхха, мæнæ анз цæбæл фæккустон, зæгъгæ, ниййнæфгæй, фал уæддæр, берæ фæссагъæсти фæсте æй исиста æма ’й æ хæццæ рахаста. Æ тургъæмæ ку æрбахъæрттæй, уæд хелаги мард зæнхæбæл ниццавта æма фæгъгъæр кодта:

– Нана, ци фæдтæ?

– Нана дин дæ незтæ рахуæра, æгайтима дæ фæууидтон, æхца дæр мæ нæ гъæуй æма æндæр дæр.

Æрбадтæнцæ еумæ, æма ин фурт æ хабæрттæ ракодта.

Æхсævæ ниххустæнцæ, æма сæумæй ку исистадæнцæ, уæд кæсунцæ, æма дин тургъи æхсæри къуæцæл æма хелаги мард бæласæ фестадæнцæ, бæласæ ба фæткъутæ зæнхæмæ калуй æма калуй.

Адæм дæр еци бæласæбæл куд нæ дестæ кодтайуонцæ. Лæхъуæни хæццæ ахид хæснаг кодтонцæ, цæй балæсæ ’й, зæгъгæ. Е дæр, æ сосæгдзийнадæ ин нæ раргом кæнгæй, рамолидæ сæ. Æма уотемæй хъæбæр исгъæздуг æнцæ. Уæладзугтæ дæр искодта, ке рамулдта, уонæй авгин галауантæ æма цæрунтæ байдæдтонцæ мадæ æма фурт. Еу бон ку адтæй, уæд исфæндæ кодта æлдæртти æ хæдзарæмæ æрхонун æма сæ фæххинцун, хонæг дæр сæмæ æхуæдæг фæццудæй, æма имæ уонæй æ хæдзарæмæ неке æрцудæй. Ку нæбал сæ уагъта, уæд æрцудæнцæ æма сæ хуарз исиуазæг кодта. Уæдта исистадæнцæ æма рандæнцæ. Уой фæсте лæхъуæн исфæндæ кодта æлдæрттæй еуей кизги ракорун, æма ин е дæр æ фæндæбæл исарази æй, æма кизгæ лæхъуæни бийнойнаг иссæй.

Уæд дин еухатт еу сомехаги æрфæндадтæй бæласи сосæгдзийнадæ базонун. Фал кутемæй? Æма уæд аллихузон лæвæрттæ ракодта лæхъуæни уосæн æма ’й ракъахта бæласи туххæй. Уосæ æ лæги фæрсунтæ байдæдта, нæ бæласæ ци æй, зæгъгæ. Лæг неци загъта, фал уæддæр фæрсгæ ба бакодта:

– Æма дæ е цæмæн гъæуй?

– Кæд æз дæр аци хæдзайраг дæн, уæд æй мæнæн дæр зæгъæ.

Лæхъуæн ин неци радзоруйнаг адтæй, фал æй уосæ ку нæбал уагъта, уæд фæттæнзæрдæдæр æй, æма ин æй исгъæр кодта, æхсæркъуæцæл хелагæ бæласæ ’й, зæгъгæ.

Уосæ ’й еци фæдбæл сомехагæн радзурдта.

Сæумæй сомехаг дзоруй лæхъуæнмæ:

– Гъæйдæ, хæснæ кæнис? Кæд дин, дæ бæласæ ци гъæдæ ’й æй, уой базонон, уæд æртæ хатти мæ къох цæбæл æрæвæрон, етæ – мæн. Кæд æй нæ базонон, уæдта мæ тукæнттæ æма мæ хæдзæрттæ дæу.

Хуарз, зæгъгæ, исарази æй лæхъуæн. Æма ин сомехаг загъта:

– Дæ бæласæ ’й æхсæркъуæцæл бæласæ.

Лæхъуæн сагъæсти бафтудæй, уæдта загъта:

– Фæллæууай мадта, уотæ лæуйæ, æз нуртæккæ фездæхдзæнæн.

Æма, ихуæрсти кæмæ адтæй, уонæмæ фескъардта æма син рахабар кодта, сайд мæбæл æрцудæй, зæгъгæ.

– Ци кодтай?

– Мæ уосæн мæ хабар ракодтон.

– Æма дин мах нæ дзурдтан?!

Уæдмæ сæмæ сæ синхæгтæ хонæг æрбарвистонцæ, æма лæхъуæн дæр сæ хæццæ фæрраст æй. Ку æрбадтæнцæ фингити уæлгъос, уæд урдугистæг фæрсуй:

– Циргъ кард уи некæмæ ес?

Лæхъуæн æ дзиппæй кард фелваста:

– Гъа, мæнæ дин кард.

Урдугистæг дин кард рауингæй, ку фæгъгъæр кæнидæ:

– Аци кард мæн æй, æ хæццæ ба ма мин фесавдæй æртæ мини æхца.

Лæхъуæн æ еци загъд ку райгъуста, уæд исарæхстæй æма загъта:

– Аци кардæй мæнæн мæ фиди рамардтонцæ, æма æгайтима мæ тоггини иссирдтон...

Уоми еци лæгæн истæрхон кодтонцæ фондз мини æхца бафедун æма æртæ уæладзугони сæрмæ асийнæ раттун. Лæхъуæн сæ рахаста æма, æ хæдзарæмæ ку бахъæрттæй, уæд асийнæ хæдзари сæрмæ исæвардта, уæдта багъæр кодта, æнгъæлмæ имæ ци сомехаг кастæй, уомæ:

– Цо æма райсæ, ци дæ гъæуй, уони!..

Сомехаг рауадæй æма асийнæбæл æ къох æртæ хатти райвæрдтитæ кодта. Лæхъуæн фæггæпп ласта:

– Æртæ хатти асийнæбæл дæ къох æрæвардтай æма дæу фæууæд.

Сомехаг, мæнæ мæбæл ци сайд æрцудæй, зæгъгæ, æ дæндæгутæй ма къохтæмæ бæргæ фæллæбурдта, фал ма ин ци гæнæн адтæй...

Лæхъуæн ба, æгириддæр ахæст ка нæма адтæй, уæхæн бæх балхæдта, æ къæдзелæбæл ин æ дзæгъæлцъух уоси бабаста æма ’й рауагъта.

Лæхъуæн абони дæр ма цæруй æма мийнасæ кæнуй.

## РЕДАКЦИОН ФÆСДЗУРД

Ку зæгъæн, аци таурæхътæ абони уомæ гæсгæ мухур кæнæн, æма си ирдæй бæрæг даруй нæ абони цардарæзти æцæгдзийнæдтæй цидæртæ. Зæгъæн, Дудуй хабæрттæмæ гæсгæ адæймаг куд нæ батæходуйтæ кæндзæнæй, махæн дæр нæ абони хецауеуæггæнгутæ еци зундгин силгоймаги хузæн адæмуарзон ку уиуонцæ.

Мадта седзæргæс уоси фурти хабæрттæмæ гæсгæ дæр куд нæ батæходуйтæ кæндзæнæ, æ рæстæги, Советон Цæдеси фехæлди фæсте кæми ци æдзæсгæнттæ базгули ‘нцæ æма, сайди нæбæл рацæугæй, нæ еугурадæмон есбойнадæбæл нин ку хæлæф кодтонцæ, уæд зундгин цæмæннæ нæ разиндтан, цæмæннæ исарæхстан, еци лæхъуæн налат сомехаги куд фæффудевгед кодта, уотæ, дзæрмæсайд нæ ка бакодта, уонæн аккаг нихкъуæрд раттунмæ?.. Еу загъдæй, кæсетæ адæмон исфæлдистади уадзимистæ, кæдимайди ба нин зундæфтауæнæн исбæззиуонцæ.

**Зундгонд актер æма режиссер, Цæгат Иристони адæмон артист, Уæрæсей аййевæдти æскъуæлхт архайæг Дзиуати Гаврили фурт Анатолийи райгурдбæл 25 сентябри æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи (1946-2016).**

*Легко быть храбрым тигром, но попробуйте быть храбрым кроликом.*

☺ ☺ ☺

*– Не, мужики, мне пить вера не позволяет.*

*– Мусульманин, что ли?*

*– Жену у него Вера зовут, 80 кг. Рельсоукладчица.*

☺ ☺ ☺

*Давая совет, о котором вас не просили, приготовьтесь пойти туда, куда и не собирались.*

**ДÆ АМОНД ДÆХЕ КЪАХÆЙ КУ РАСХУАЙАЙ, УÆД ДИН ÆЙ НЕКÆЦИБАЛ ХУЦАУ РАТДЗÆНÆЙ НÆУÆГÆЙ!..**

# РÆСТÆГ АДÆЙМАГМÆ ÆНГЪÆЛМÆ НÆ КÆСУЙ...



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

***Нæ рагфидтæлтæй нин ци берæ зундамонæн фæдзæхститæ байзадæй, уонæй еу æй: «Рæстæгæй афойнадæбæл ку нæ испайда кæнай, уæд æй æ фæсте уайгæй ба нæбал баййафдзæнæ...» Æма уæ, æвæдзи, фæндуй базонун, уæ рæстæгæй цæйбæрцæбæл раст æма хæдзардзинæй пайда кæнетæ, уой...***

### 1. СÆУМÆЙ МÆ АХИДДÆР РАЙГЪАЛ КÆНУНЦÆ:

а) гъуддæгутæбæл сагъæстæ, б) игъалгæнæг сахат, в) бонивайæн, г) хеуæнттæ

### 2. ИЗÆРМÆ МИН ЕСТИ ГЪУДДАГ ÆНÆНХÆСТГОНДÆЙ КУ БАЙЗАЙУЙ, УÆД:

а) цийфæнди ку бафæллайон, уæддæр æй исæнхæст кæндзæнæн, б) мæ бон цæйбæрцæ ма уа, уой бæрцæ си исæнхæст кæндзæнæн, в) исонмæ ’й ниууадздзæнæн, г) æнæнездзийнадæ сæйрагдæр æй – рандæ уодзæнæн уолæфунмæ

### 3. МÆ КУСТГЪОНДЗИЙНАДÆ УÆЛДАЙ ФУЛДÆР ФÆУУЙ:

а) сутки дæргъци æнæгъæнæйдæр, б) рæфтади фæсте, в) сæумæй, г) изæрæй

### 4. ИУАЗÆГУАТИ КУ ФÆЦЦÆУН, УÆД:

а) рагацау иснисан кæнун, уордигæй кæд рацæудзæнæн, уой, б) уавæрмæ гæсгæ рафæндæ кæнун, в) æнгъæлмæ фæккæсун, кæдимайди ба еске зæгъидæ: «Алцæмæн дæр рæстæг æма афонæ ес…», г) неци фæннисан кæнун рагацау

### 5. ЕСКЕ НÆ ФЕМБÆЛДМÆ ÆРÆГИ КУ ФÆККÆНУЙ, УÆД ÆЗ:

а) расагъæс кæнун, мæ æмархайæги раййевун хуæздæр уидæ, зæгъгæ, б) цæстиварди мæмæ нæбал фæууй, в) баруагæси рæуонæ мæ бон æй балæдæрун, г) æнгъæлмæ кæсун æма нæ тингун кæнун

### 6. МÆХУÆДÆГ ЦÆЙ ФУДÆЙ БАЙРÆГИ КÆНУН, УОЙ ТУХХÆЙ ФÆЗЗÆГЪУН:

а) æргомæй æма рæстзæрдæй, б) уавæрмæ гæсгæ, в) баруагæсæн ка фæббæззуй, уæхæн рæуонæ, г) неци рæуонæ ракæнун

### 7. АЛЛИБОНИ БОНУГТÆ ÆМА ÆНДÆР УÆХÆН ДЗАУМÆУТТÆ МИН ÆНЦÆ:

а) алли бон дæр сæ финсун мæ фарстати, къуæрей дæргъи мæ бакæнуйнæгти туххæй æма уонæмæ гæсгæ аразун къуæрей дæргъи мæ бакæнуйнæгтæ, б) некæми мæ гъæунцæ, æнæ уонæй дæр мæ зæрдæбæл дарун мæ кæнуйнæгтæ, в) ес мæмæ блокнот, фал ми е дæр ахид феронх уй, г) некæми гъæунцæ аллихузон бæрæггæнгутæ æма хицхицгæнгутæ

### 8. АБОНИ ЦÆЙБÆРЦÆ РÆСТÆГ ДЗÆГЪÆЛИ ФЕСАФТАЙ, ЗÆГЪГÆ, МÆ КУ БАФÆРСОНЦÆ, УÆД:

а) зæгъдзæнæн раст æма бæлвурдæй, цæмæй уотæ мабал рауайа, б) мæ бон æй балæдæрун кæнун, в) дзуапп ратдзæнæн куддæрти, г) мæхецæн нæ базин кæндзæнæн ранимайæ-банимайитæй

### 9. ГЪУДДАГ БÆЛВУРДÆЙ БАДЗУБАНДИГОНД РÆСТÆГМÆ ИСÆНХÆСТ КÆНУН КУ ГЪÆУА, УÆД:

а) мæ бон цидæриддæр уа, уомæй байархайдзæнæн æ исæнхæст кæнунбæл, б) байархайдзæнæн афойнадæбæл исæнхæст кæнунбæл, в) байархайдзæнæн фæттиллеф си кæнунбæл, г) тагъд нæ кæндзæнæн – цæмæй мин уой фæсте уæхæн ме ’нæуинон гъуддæгутæ мабал дæттонцæ

### 10. САБАТИ ÆЗ:

а) ахид фенхæст кæнун майрæнбонæй байзайгæ кустæгутæ, б) алкæддæр фæууадзун мæ фæллад, в) хаттæй-хатт фенхæст кæнун, мæ кустæй ци кустæгутæ райстон, уони, г) куд фæззæгъунцæ, накæ кæнун уавæри уолæнтæбæл

**Дзуæппитæ ци дамугъатæ равзарайтæ, уонæй алкæмæн дæр аргъгонд цæуй: «а» – 4 балли, «б» – 3 балли, «в» – 2 балли, «г» – 1 балл. Æма уомæ гæсгæ ба нимайетæ:**

**10-12 балли.** Æвæдзи, гъæуама хайгин уай уоййасæбæл берæ ацъагъуитæй, цæмæй æмбæрцæ уонцæ дæ æрдзон сахъатдзийнæдтæ æма рæстмæ менеугутæ.

**13-22 балли.** Рæстзæрдæй архайис гъуддагон домæнти аккаг унбæл, фал дæ цæмæйдæр хъоргæнæг æй, уодиконди цæсгондзийнадæй гъуддагмæ уæлæнгай рахастдзийнади нихмæлæууæг ке дæ, е.

**23-32 балли.** Амондгун берæ цæмæйдæрти дæ: рæстæг бустæги рæстмæ нæ райуарис, фал уомæй неке батухсун кæнис.

**33 баллемæй фулдæр.** Кæд æма дурусдзийнадæ къаролти ездондзийнадæй æй, уæд уой нимайгæй ду ба император дæ. Æцæг ма дæ æвæстеуатæй гъæуй еуцæйбæрцæдæр уæнгуагъддæр унбæл исахур ун.

## АЛЦИ ЗОНУН ДÆР ХУАРЗ ÆЙ

Фунх халсартæн берæ дарæн нæййес, ци дони исфунхтæнцæ, уомæн æма исунцæ донгун æма фенадæдæр унцæ. Айдагъдæр хузгин къабуска æнгъезуй дони еу минкъий радарун, иннети ба æвæстеуатæй фæгъгъæуй исесун.

* * *

Фицгæй ци халсартæ расодзай, уони æндæр агæмæ исесгæй райсæрдун фæгъгъæуй сæкæрæй дууæ уедуги хъаймагъ имæ бафтаугæй.

* * *

Гъæдзиндзæ ку лух кæнай, уæд кард фæгъгъæуй дони ратолун. Уотемæй гъæдзиндзæ кæрдгæй цæстисугтæ нæ уайдзæнæнцæ.

* * *

Салд гъæдзиндзæ тайун кæнун ма бауадзæ, уотемæй æй æртæ сахатти уазал дони радарæ æма исуодзæнæй нæуæг тунди хузæн.



* * *

Хуæруни кæрдæгутæ (басгæрдæг, фидхуасæ) цæмæй нæуæгæй фулдæр фæллæууонцæ, уой туххæй сæ æнæхснадæй исæвæрæ авгин банкити, сæ сæртæ син нихгæнæ полиэтилени æмбæрзæнæй æма сæ уазалгæнæни тæрхæгбæл исæвæрæ.

* * *

Кæрдæгутæ фæннæуæгдæр кæнунæн пайда ’й еу сахат сæ уазал дони радарун, еу уедуг сæмæ дзимари бафтаугæй.

* * *

Кæрдæгутæ æма халсартæн сæ хузæ нæ исæфуй, ци дони фицунцæ, уордæмæ содæ ку бафтауай, уæд (халсарти еу килæбæл цайцумæн уедуги æмбес).

* * *

Цæхгунти гъуна ку фæззинна, уæд сæ дзæбæх æрæмбурд кæнетæ, дзаумауи фæрстæ ниссæрфетæ кæдзос хæцъелæй, цæнхæ имæ еуминкъий бафтауетæ æма 4-5 боней дæргъи цалдæр хатти исæзмæнтетæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1 ССР Цæдеси Адæмон Комиссарти Совети сæрдари бунати Владимир Ленини ка раййивта?**

**а)** Алексей Рыков. **б)** Лев Каменев. **в)** Григорий Зиновьев.

**2 Номдзуд хузæгænæг Рафаэль Санти силгоймæгти сорæттæ кæми исфæлгонц кодта, еци зундгонд хузтæй Уæрæсей кæций фæууинун æнгъезуй?**

**а)** Мадонна Соли. **б)** Мадонна Конестабиле. **в)** Мадонна Диоталеви.

**3 Уруссаг император Александр II уæлдай æновуд адтæй æ цауæйнон куй Милордбæл, кæци æ хæццæ алкæддæр æма алкæмидæр уидæ. Æма паддзах 1867 анзи фæсарæнмæ балций рандæуогæй æ хуæздæр лимæни æ хæццæ ку нæ райста, уæд уомæн æ зæрдæ ратудта. Кумæ рандæй балций паддзах?**

**а)** Нью-Йорк. **б)** Токио. **в)** Париж.

**4 «Уарзондзийнадæ æма бæлæутæ», зæгъгæ, кинониви артисткитæй ка архайдта æ къæбуций хæццæ?**

**а)** Нинæ Дорошина. **б)** Наталья Тенякова. **в)** Людмилæ Гурченко.

**5 Мæскуй Кремли Алмази фонди (Алмазный фонд) æвæрд æй, æ уæзæ аст килограммемæй минкъий-минкъийдæр кæмæн æй, уæхæн алæмæти хъазар хуæдæвзурд «Урайлаг гигант». Евгъуд æноси ’й иссирдтонцæ Исовски райони рæдзæгъдтити. Циуавæр æзгъæр æй æ бундор?**

**а)** Æвзестæ. **б)** Сугъзæрийнæ. **в)** Платинæ.

**6 «Кæрæдзей уарзгæй цæретæ, ме ’нсувæртæ…» Уотæ æ рамæлæти хуæдразмæ нæ номдзуд фингутæй ка фæдзахста æ фæдонтæн?**

**а)** Бритъиати Елбиздихъо. **б)** Гæдиати Секъа. **в)** Хетæгкати Къоста.

**7 «Иристойнаг, зæгъгæ, загъд кадæ æма ради хæццæ фæззæгъунцæ Фидибæстон тугъди еугур фронтти дæр, уомæн æма иристойнæгтæ сæхе равдистонцæ бæгъатæр æма рæстзæрдæ тугъдонтæй…» Советон зундгонд фингутæй уотæ ка финста?**

**а)** Илья Эренбург. **б)** Константин Симонов. **в)** Петр Павленко.

* * *

**Аци фарстати фæдбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Нур ба мухур кæнæн нæ газети 35-аг номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппитæ:**

**1.** Константин Рокоссовский. **2.** Михаил Кутузов. **3.** Екатеринæ. **4.** Картоф. **5.** Бирми.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 2023.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 18.09.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 18.09.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**